



BPHC, TB Clinic
BMC Yawkey Bldg, 3rd Floor
850 Harrison Ave.
Boston, MA 02118
(617) 534-4875

Medikaman pou tibèkiloz

Rifampin

Kisa li ye ?

Rifampin (yon kapsil wouj) ki itilize pou tretman tibèkiloz (TB).

Kijan pou mwen pran grenn sa a ?

Pran _____ grenn yon fwa pa jou pandan _____ mwa.

- Pa janm bliye pran kapsil sa a.
- Pran kapsil sa a nan menm lè chak jou jan li make sou boutèy la.
- Si ou bliye pran kapsil la nan lè nòmal la, pran li depi ou sonje sa.
- Pa pran de fwa kantite kapsil ou sipoze pran pou ou ka ratrape dòz ou pat pran an.
- Pa pran Antasid (tankou Maalox epi Mylanta) 2 è anvan epi 2 è apre ou pran kapsil la.



Di doktè / enfimiyè klinik la :

- Kwak kapsil la pa koze danje pandan yon gwosès, tanpri kite klinik la konnen si ou ansent, si ou bay tibebe tete oubyen si ou gen lentansyon vin ansent.
- Si ou gen lentansyon kòmanse pran nenpòt ki lòt grenn.

Bagay ou gen pou enfòmè klinik la touswit :

Kanpe pran medikaman an epi rele klinik la touswit nan (617) 534-4875 si ou gen pwochen pwoblèm sa yo.

- Demanjezon po oubyen po ki grate
- Plè nan bouch ou epi sou kò a
- Koulè jòn nan pati blan nan je oubyen si po ou a gen yon koulè jòn
- Fatige anpil oubyen fèb
- Lafyèb
- Vomisman oubyen rejte
- Nenpòt bagay ki enkyete ou epi ke ou panse ka gen rapò ak medikaman an



Enpòtan :

- PA bwè tafya oubyen pran asetaminofèn (Tylenol) pandan wap pran kapsil sa a.
- Si ou pran grenn planin, itilize lòt fòm planin siplemantè (tankou kapòt) paske Rifampin a ka gen yon entèferans negatif ak planin ou a kifè ou ka vin ansent.
- Irin ou, transpirasyon ou, saliv ou ak lam je ou yo ka gen yon koulè wouj oubyen oranj (se yon bagay nòmal).
- Lantiy kontak je mou ka chanje vin gen yon koulè oranj ki pèmanan.
- Medikaman sa a ka fè ke ou mètri fasil.

*****Rele (617) 534-4875 si ou gen okenn sousi oubyen kesyon*****

Mete ajou nan 3/05 (KREYÒL)